**दिन–सोमवार** **दिनांक–23.02.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

बिहार विधानसभाक कार्यवाही आइ बजट सत्रक पंद्रहम दिन सुचारू रूप सँ चलल। उपमुख्यमंत्री सह गृहमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि जे बच्चा सभ के मोबाईलक लत सँ भऽ रहल नोकसान के लऽकऽ सरकार सजग अछि। श्री चौधरी जदयू कँ समृद्ध वर्माक एकटा सवालक जवाब दैत कहलनि जे बच्चा सभ के स्क्रीन टाईम कँ कम करबाक आओर ऑनलाईन गेम के नियंत्रित करबाक लेल नव कानून बनत। एम्हर, सदन मे विधायक निधिक राशि चारि करोड़ सँ बढ़ा कऽ पांच करोड़ कयल जायबाक मांग के लऽकऽ सत्ता पक्ष आओर विपक्षक सदस्य सभ हंगामा कयलनि। उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा कहलनि जे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार के विधायक सभक मांग सँ अवगत करा देल जायत। विधान परिसद मे सेहो आजुक कार्यवाही सुचारू रूप सँ भेल। निर्धारित कार्यक्रमक अनुसार विधान परिषद मे गृह, कृषि, लोक स्वास्थ्य अभियंत्रण, युवा रोजगार आ कौशल विकास समेत विभिन्न विभाग सभक बजट पर चर्चा कयल गेल।

---

सहकारिता मंत्री प्रमोद कुमार कहलनि जे राज्य मे बंद पड़ल चीनी मिल सभ कँ शीघ्र शुरू कयल जायत। श्री कुमार पटना मे पत्रकार सभ सँ गपशपक क्रम मे कहलनि जे सात निश्चत–तीन के तहत समृद्ध उद्योग सशक्त बिहारक लक्ष्य कँ प्राप्त करबाक लेल दरभंगा, रैयाम आओर मधुबनीक सकरी चीनी मिल सभ कँ पुनर्जीवित करबाक काज सहकारिता विभाग करत। ओ कहलनि जे एहि लेल राष्ट्रीय सहकारी शक्कर कारखाना संघ लिमिटेड आ सहकारिता विभागक बीच आइ पटना मे एक समझौता ज्ञापन पर हस्ताक्षर कयल जायत।

---

आधार कार्ड मे जन्म तिथि मे सुधार करेबाक लेल आब क्यूआर कोडवला जन्म प्रमाण पत्र देबऽ पड़त। बिना क्यूआर कोडवला जन्म प्रमाण पत्र कँ आवेदन के समय स्वीकार नहि कयल जायत। भारतीय विशिष्ट पहचान प्राधिकरण एहि संबंध मे सभ आधार सेवा केन्द्र सभ कँ दिशा–निर्देश जारी कयलक अछि। ओतहि, आधार मे पता बदलबाक लेल रंगीन आवासीय प्रमाण पत्र के सेहो अनिवार्य कऽ देल गेल अछि।

————————————————————————

मुख्य सचिव प्रत्यय अमृत कहलनि जे राज्यक दूटा महत्वकांक्षी सिंचाई परियोजना नार्थ कोयल जलाशय परियोजना आओर मंडई वीयर परियोजनाक काज समय पर पूर्ण कयल जायब आवश्यक अछि। श्री अमृतक अध्यक्षता मे आइ दुनू परियोजना सभक समीक्षा कयल गेल। बैसार मे मुख्य सचिव आगामी दिन मे भीषण गर्मी आओर मानसून के देखैत एहि परियोजना सभ के शीघ्र पूर्ण करबाक अधिकारी सभ के निर्देश देलनि अछि।

————————————————————————

बिहार विद्यालय परीक्षा समिति वार्षिक मैट्रिक परीक्षाक पांचम दिन आइ अंग्रेजी विषयक परीक्षा भेल। राज्य भरि मे विभिन्न केन्द्र सभ पर परीक्षा शांतिपूर्वक संपन्न भेल। बिहार बोर्डक सूचनाक अनुसार परीक्षाक दरमियान कदाचारक आरोप मे विभिन्न जिला सभ मे अखन धरि सत्ताईस परीक्षार्थी सभ कँ निष्कासित कयल गेल अछि।

————————————————————————

पटना विश्वविद्यालय छात्र संघ चुनावक लेल उम्मीदवार सभक अंतिम सूची जारी कयल जायत। विश्वविद्यालय प्रशासन स्पष्ट कयलक जे छात्र संघ चुनाव अपन तय कार्यक्रमक अनुसार अठाईस फरवरी के होयत। ध्यातव्य अछि जे साईंस कॉलेजक प्राध्यापक संग मारि–पीटक घटनाक बाद चुनाव के लऽकऽ संशयक स्थिति बनि गेल छल।

————————————————————————

कामेश्वर सिंह दरभंगा संस्कृत विश्वविद्यालयक स्नात्कोत्तर व्याकरण विभागक सहायक प्रचार्य डॉक्टर यदुवीर स्वरूप शास्त्रीक पुत्री नैवेद्या शास्त्री कँ अखिल भारतीय शलाका परीक्षा मे गोल्ड मेडल आ बीस हजार टाकाक संग चांदीक एकटा प्रमाण पत्र प्रदान कयल गेलनि।

आकाशवाणीक भागलपुरक पूर्व उद्घोषक विजय कुमार मिश्राक आकस्मिक निधन भऽ गेलनि। ओ ग्राम जगत कार्यक्रमक विरजू भैयाक रूप मे प्रख्यात छलथि।

मधुबनी जिलाक लदनियां थाना क्षेत्र अंतर्गत योगिया गाम समीप सँ ब्राउन सुगर के बिक्रेता कँ गिरफ्तार कयल गेल। थानाध्यक्ष अनुप कुमार कहलनि जे गिफ्तार व्यक्ति लऽग सँ तीस ग्राम ब्राउन सुगर बरामद कयल गेल।

---

समाप्त